**दिन–गुरूवार** **दिनांक–11.09.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

केन्द्रीय कार्मिक, लोक शिकायत आ पेंशन राज्य मंत्री डॉक्टर जितेन्द्र सिंह कहलनि अछि जे सरकार सुधार पर विशेष जोर दऽ रहल अछि आ पछिला एगारह वर्ष मे लगभग एक हजार छओ सय कानून निरस्त कयल गेल। डॉक्टर सिंह आइ पटना मे जिलाक समग्र विकास पर दू–दिवसीय राष्ट्रीय सम्मलेनक उद्‌घटान सत्र के संबोधित कऽ रहल छलाह। ओ कहलनि जे वर्ष दू हजार सैंतालीस धरि देश के विकसित राष्ट्र बनयबाक लेल फराक–फराक क्षेत्र मे सुधार कयल जा रहल अछि। डॉक्टर सिंह कहलनि जे आकांक्षी जिला कार्यक्रम अधिकारी लोकनिक नवोन्मेषी क्षमता के उजागर कयलक अछि आ जिलाक विकासक मार्ग प्रसस्त कयलक अछि।

---

ई कार्यक्रम प्रशासनिक सुधार आ लोक शिकायत विभाग दिस सँ बिहार सरकारक सहयोग सँ आयोजित कयल जा रहल अछि। सम्मेलनक उद्‌देश्य देशभरिक जिला सभ द्वारा अपनाओल गले नवोन्मेषी सुशासनक कार्यप्रणाली पर चर्चा आ ओकर आदान–प्रदान करब अछि। सम्मेलन मे देशभरि सँ तीन सय सँ बेसी प्रतिनिधि शामिल भऽ रहल छथि।

---

केन्द्रीय वाणिज्य आ उद्योग मंत्री पीयूष गोयल कहलनि अछि जे बिहार सरकार उद्योग स्थापना के लगातार प्रोत्साहित कऽ रहल अछि। श्री गोयल आइ पटना मे बिहार आईडिया फेस्टिवल के दरमियान बिहार औद्योगिक निवेश प्रोत्साहन पैकेज के लोकार्पण समारोह के संबोधित कऽ रहल छलाह। ओ कहलनि जे एतेक व्यापक आ लाभकारी पैकेज देशक कोनो आन राज्य मे नहि अछि। श्री गोयल कहलनि जे स्टार्टअप संस्कृति विकसित होयबाक बाद युवा सभ मे रोजगार के लऽकऽ धारणा बदलल अछि। आब युवा नौकरी मांगि नहि रहल, बल्कि नौकरी दऽ रहल छथि।

---

समारोह के संबोधित करैत उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधरी कहलनि जे सरकार औद्योगिक कॉरिडोर विकसित करबाक लेल भूमि अधिग्रहण कऽ रहल अछि। ओतहि, उद्योग मंत्री नीतीश मिश्रा कहलनि जे राज्य सरकार एक प्रखंड एक उत्पाद पर काज कऽ रहल अछि। ओ कहलनि जे ग्रामीण क्षेत्र मे लघु उद्योग सेहो तेजी सँ विकसित भऽ रहल अछि।

———————————————————————————

केन्द्रीय जल शक्ति मंत्री सी.आर पाटिल कहलनि अछि जे केन्द्र आ राज्य सरकारक संयुक्त प्रयास सँ बिहार मे उद्योग आ रोजगारक संभावना निरंतर बढ़ि रहल अछि। आइ पटना मे संवाददाता सभ सँ गपशप मे ओ कहलनि जे चालू वित्तीय वर्षक बजट मे बिहारक लेल कतेको विशेष प्रावधान कयल गेल अछि। श्री पाटिल कहलनि जे सरकारक ई प्रयास अछि जे बिहार सँ पलायन रूकय आ युवा सभ के राज्य मे रोजगारक अवसरि भेटय।

———————————————————————————

नेपाल मे अस्थिर हालात के देखैत राज्यक सभ सात सीमावर्ती जिला सभ मे सुरक्षा बढ़ा देल गेल अछि। अपर पुलिस महानिदेशक कुंदन कृष्णन जनौलनि जे पुलिस आ एसएसबी सीमा पर कड़गर निगरानी राखि रहल अछि। ओ जनौलनि जे सीमा चौकी सभ पर लोक सभक गहन जांच कयल जा रहल अछि। श्री कृष्णन कहलनि जे बिहार मे सीमा पर स्थिती सामान्य अछि। ओ जनौलनि जे नेपाल मे जेल ब्रेक केर घटनाक बाद बिहार मे घुसबाक कोशिश कऽ रहल बीस कैदी के गिरफ्तार कयल गेल अछि। अपर पुलिस महानिदेशक कहलनि जे मौजूदा स्थिती के देखैत गृह विभाग पर्यटक लोकनि कँ नेपाल नहि जयबाक सलाह देलक अछि।

———————————————————————————

विशेष निगरानी इकाई शिक्षा विभागक क्षेत्रीय शिक्षा उपनिदेशक वीरेन्द्र नारायणक पटना, पूर्णियां आ मुजफ्फरपुर स्थित ठिकाना सभ पर छापेमारी कयल गेल। आय सँ बेसी संपत्ति मामिला मे ई छापेमारी कयल गेल। प्राप्त जनतबक अनुसार हुनक ठिकाना सभ सँ करोड़ो टाका मूल्यक चल–अचल संपत्तिक खुलासा भेल अछि। छापेमारीक दरमियान जमीन आ निवेशक कागजात समेत आभूषण आ नकद टाका सेहो बरामद कयल गेल। एम्हर, आर्थिक अपराध इकाईक एक टीम समस्तीपुर मे ग्रामीण कार्य विभागक निलंबित अधीक्षण अभियंता विनोद राय केर दू ठिकाना पर छापेमारी कयलक अछि। पछिला दिन विनोद राय केर पटना समेत विभिन्न ठिकाना सभ पर छापेमारीक दरमियान करोड़ो टाकाक चल–अचल संपत्तिक खुलासा भेल छल।

———————————————————————————

प्रदेश मे मॉसूनक सक्रियता सँ बरखाक सिलसिल जारी अछि। पछिला चौबीस घंटाक दरमियान कतेको ठाम पर भारी सँ बहुत भारी बरखा भेल अछि। पश्चिम चंपारण जिलाक चनपटिया मे सभ सँ बेसी एक सय छप्पन दशमलव आठ मिलीमीटर बरखा रिकॉर्ड कयल गेल। मौसम पूर्वानुमान मे कहल गेल अछि जे आइ पश्चिम चंपारण, दरभंगा, मुजफ्फरपुर, सीवान, सारण, गोपालगंज आ बांका जिला मे किछु ठाम भारी बरखा भऽ सकैत अछि। राज्यक आन हिस्सा सभ मे सेहो तेज हवाक संग बरखाक संभावना अछि।

———————————————————————————

समाप्त